# Qaraqalpaqstanda neshe adam múddetinen aldın dawıs berdi?

Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawın ótkeriwshi saylaw uchastkalarında saylaw kúni óziniń jasaw ornında bolıw imkaniyatına iye bolmaǵan saylawshılar ushın múddetinen aldın dawıs beriw 2021-jıldıń 14-oktyabr kúni baslanıp, 2021-jıldıń 20-oktyabr kúni juwmaǵına shekem dawam etti.

Image not found or type unknown

Elimizde dúzilgen saylaw uchastkalarında múddetinen aldın dawıs beriw waqtın saat 09:00 den saat 19:00 ge shekem, Ózbekstan Respublikasınıń sırt ellerdegi diplomatiyalıq hám basqa wákilxanaları janında dúzilgen saylaw uchastkalarında múddetinen aldın dawıs beriwdi usı saylaw uchastkaları jaylasqan jerdegi jergilikli waqıt penen saat 09:00 den saat 19:00 ge shekem ámelge asırılıwı belgilengen edi.

14-20-oktyabr kúnleri Ózbekstan boylap shólkemlestirilgen saylaw uchastkalarında ulıwma 421 618 saylawshı (sonnan 301 094 saylawshı Ózbekstanda, 120 534 saylawshı sırt ellerde) Ózbekstan Respublikası Prezidenti saylawında múddetinen aldın dawıs berip, ózleriniń Konstituciyalıq huqıqlarınan nátiyjeli paydalandı.

Al Qaraqalpaqstan Respublikasında múddetinen aldın dawıs bergen puqaralar 8 mıń 423 adamdı quradı.

**1-Qaraqalpaqstan okruglik saylaw komissiyası Baspasóz orayı.**